

**VINCENT OBSTETRICS &
GYNECOLOGY**

YON GID POU AMELYORE REKIPERASYON OU APRE OPERASYON LAPAWOSKOPIK

Massachusetts General Hospital
Divizyon jinekoloji onkoloji

Ti liv sa a fèt pou ede w konprann epi prepare w pou operasyon w lan.
Tanpri li li byen epi revize li ak fammi w ansanm ak klinisyen w anvan operasyon an epi
pote l avèk ou jou operasyon an.

Enfòmasyon sou operasyon mwen an

1

Developed by Mass. General Hospital
Department of Gynecology
Division of Gynecology Oncology
Updated: 11/21/22

**VINCENT OBSTETRICS &
GYNECOLOGY**

<u>Dat operasyon an:</u>	
<u>Lè operasyon an:</u>	Ou dwe rive 2 èdtan anvan lè pwograme pou operasyon an
Nimewo Biwo a	617-724-4800 opsyon 5
Chirijyen ou a (yo):	

* **SISPANN TOUT MANJE SOLID A 10PM lannwit anvan operasyon an; pasyan ki sibi yon preparasyon entesten dwe sispann tout manje solid apre manje maten jou anvan operasyon an.**

* **Ou ka pran likid klè jiska 2 èdtan anvan Operasyon an (gade pi ba a pou plis detay)**

Note:

Jou anvan operasyon an, tanpri swiv rejim chirijyen ou preskri w. Si ou pa genyen youn, tanpri manje ak bwè jan ou ta fè nòmalman. Tanpri asire w ke ou byen idrate.

Si ou gen dyabèt epi sik nan san ou ba oswa ou kòmanse santi sentòm sik nan san ki ba, tanpri bwè yon likid klè ak sik, tankou ji pòm, ji rezen oswa soda regilye. Si sa pa ede, tanpri bwè oswa manje nenpòt likid ki pral ogmante sik nan san ou. Kèlkeswa sa ki pase, li pi bon pou retade operasyon ou pase pou inyore yon sik nan san ki ba.

**VINCENT OBSTETRICS &
GYNECOLOGY**

Tab Matyè

Entwodiksyon.....	4
Ki sa ki pwogram ERAS la?.....	4
Konbyen tan mwen pral nan Lopital la?.....	4
Anvan operasyon w la	
Kouman mwen ka prepare pou operasyon mwen an?.....	5
Apèl telefonik anvan-operasyon.....	5-6
Twous anvan-operasyon/Twous preparasyon entesten.....	7-8
Enstriksyon pou pasyan SAN yon preparasyon entesten	9
Lis Travay Ou pou paysan ki <u>SAN</u> preparasyon entesten.....	10-11
Nan jou operasyon an	
Lè ou rive lopital la	12-13
Apre Operasyon	
Sal Rekiperasyon/PACU	14
Kontwòl doulè.....	15
Kilè mwen ka kòmanse bouje, chita ak mache?.....	16
Kilè mwen ka kòmanse manje?.....	17
Kilè yo pral retire katetè pipi mwen an?.....	18
Kilè mwen ka ale lakay?.....	19

VINCENT OBSTETRICS & GYNECOLOGY

Entwodiksyon

Ti liv sa a se yon pati nan pwogram Mass General Brigham Healthcare System Gynecology Oncology Surgery ERAS (Rekiperasyon Ranfòse Apre Operasyon Enhanced Recovery After Surgery - an Anglè) Chiriji Jinekoloji Onkoloji Mass General Brigham Healthcare System ki se pratik estanda kounye a pou tout pasyan GYN ki pwogramme pou isterektomi ouvè nan Partners Healthcare System ak lopital ki afilye yo.

Ki sa ki pwogram ERAS la?

Pwogram sa a diferan de apwòch tradisyonèl operasyon epi yo te demontre ke sa amelyore rekiperasyon pasyan an apre operasyon ansanm ak diminye konplikasyon; diminye kantite jou ou rete nan lopital la epi redwi reyadmisyon nan lopital la apre operasyon an. Nou vle ou menm tou, pasyan an, pou w yon patisipan aktif nan pwoesisis rekiperasyon an. Objektif jeneral la se pou ou gen yon pi bon eksperyans chirijikal epi retounen nan nòmal pi vit ke posib. Avèk èd ou, nou ka reyalize objektif sa yo.

Pwogram sa a fèt pou pèmèt ou patisipe aktivman nan rekiperasyon ou anvan ak apre operasyon ou an. Gid sa a divize an de etap:

1. Anvan Operasyon Ou
2. Apre Operasyon Ou

Chak etap nan pwogram sa a konstwi pou minimize doulè ou, evite konplikasyon, epi sa pèmèt pou rekòmanse manje ak fè aktivite pi bonè.

Konbyen tan mwen pral nan lopital la?

Si w ap fè yon isterektomi lapawoskopik, ou pral prèske toujou ale lakay ou jou operasyon w lan.

Menmsi ou resevwa yon lèt nan men konpayi asirans ou an ki apwouve yon sejou yon nwit, yo pral egzeyate w menm jou a. Ou pral rete lopital la sèlman si gen yon bezwen medikal (endikasyon) pou kenbe ou lopital pou lannwit lan.

Objektif la se pou jwenn egzeyat pi vit ke posib, paske ogmantasyon dire sejou nan lopital la lye a ogmantasyon konplikasyon apre operasyon.

**VINCENT OBSTETRICS &
GYNECOLOGY**

Anvan Operasyon

Kouman mwen ka prepare pou operasyon mwen an?

Anvan Operasyon an

1. **Egzèsis** amelyore repons kò a ak estrès ak amelyore kondisyon fizik, ki ede nan rekiperasyon. Si ou pa fè egzèsis regilyèman, li rekòmande pou kòmanse dousman. Egzèsis pa bezwen difisil, menm 15 - 30 minit mache chak jou pi bon pase pa fè egzèsis.
2. Li konseye pou manje yon **rejim** alimantè miks ki bon pou sante nan semèn ki presede operasyon an. Sepandan, nan jou ki presede operasyon an, ou ka enkli manje ki gen anpil idrat kabòn (pòmdetè, pasta, diri elatriye) ki pèmèt kò ou "chaje ak idrat kabòn", epi pou gen yon rezèv enèji, menm jan kourè maraton fè anvan yon kous.

Li sijere anpil pou w **sispann fimen** nèt omwen 3 semèn anvan operasyon w la, paske sa ap diminye chans pou konplikasyon nan poumon pandan ak apre operasyon an epi amelyore rekiperasyon w. Si w ta renmen plis enfòmasyon sou fason pou w kite fimen, tanpri pale ak doktè w, enfimyè oswa famasyen w.

Evite konsomasyon **alkòl** omwen 24 èdtan (depreferans yon mwa) anvan operasyon ou an.

3. **Planifye davans.** Fè aranjman pou yon moun akonpaye w nan moman admisyon an ak nan moman egzeyat la. Fè preparasyon lakay ou anvan pou arive ou apre operasyon an, asire w ke gen ase manje ak pwovizyon. Ou ta dwe kapab mache, manje ak pran swen tèt ou kòm dabitid, men ou ka bezwen kèk asistans siplemantè okòmansman nan men fanmi oswa zanmi, espesyalman pou evite travay difisil imedyatman apre operasyon ou tankou fè lesiv, netwayaj, fè makèt, elatriye.

**VINCENT OBSTETRICS &
GYNECOLOGY**

Apèl Telefonik Anvan-Operasyon

Anvan operasyon ou a, w ap resevwa **2 apèl telefonik** pa diferan manm nan ekip chirijikal la ki pral pase sou diferan pati nan swen ou:

❖ **Apèl telefonik de yon manm ekip anestezi a:**

- Apèl telefòn sa a pral pwograme davans pou asire ke ou disponib pou pran apèl sa a.
- Pandan apèl sa a, yon founisè sante pral:
 - Revize ki medikaman ou ta dwe pran jou operasyon ou a epi kilès, si genyen, ki bezwen sispann anvan operasyon an.
 - Poze kesyon pou evalye sante ou epi eksplike pwosesis operasyon an.

❖ **Apèl Telefonik de Kowòdonatè Chirijikal Chirijyen an:**

- 1-3 jou anvan operasyon an, ou pral resevwa yon apèl pou:
 - Finalize lè operasyon ou an epi konfime egzakteman a ki lè ou bezwen rive pou anrejistre.

Tanpri asire w ke ou gade sou lis travay ki enkli nan pake sa a.

❖ Sa gen ladann:

- Enstriksyon pou beny/douch pou savonnen ak Chlorhexidine (sa vle di, Hibiclens, Dyna-Hex)
- Enstriksyon pou preparasyon Mekanik entesten an (Golytely)
- Enstriksyon pou manje ak bwè jou anvan operasyon an
- Enstriksyon pou antibiotik oral anvan operasyon an
- Enstriksyon pou pran yon bwason idrat kabòn nan jou operasyon an

Si w toujou gen lòt kesyon apre w fin revize enstriksyon sa yo, tanpri kontakte biwo chirijyen w la.

VINCENT OBSTETRICS & GYNECOLOGY

Twous anvan-operasyon

Ou pral resevwa yon twous pre-chirijikal swa pa lapòs nan adrès lakay ou oswa nan biwo doktè ou ak sa ki annapre yo ki enkli:

- a. Enstriksyon alekri
- b. Yon boutèy savon Chlorhexidine
- c. De boutèy Bwason Idrat Kabòn

Twous la pral rive nan semèn anvan pwosedi w la.

Bwason Idrat Kabòn

Tanpri swiv enstriksyon ki nan ti liv ki enkli nan twous la konsènan konsomasyon idrat kabòn nan. **PA** swiv enstriksyon ki sou boutèy yo menm.

Tanpri sonje ke sa a se pa yon preparasyon entesten, kidonk ou pa bezwen enkyete w pou w tou pre yon twalèt.

Si ou gen dyabèt, tanpri swiv rejim alimantè yo rekòmande w epi pa konsome bwason idrat kabòn nan, paske li ka ogmante sik nan san ou.

Medikaman maten yo ka pran ak yon ti gòje dlo nan maten operasyon an.

Kòmanse konsome bwason idrat kabòn yo bay la 4 èdtan anvan epi konplete oswa sispann bwè 2 èdtan anvan operasyon an.

Konsome yon bwason idrat kabòn anvan operasyon an ap asire nivo sik nan san ou pi konsistan pandan operasyon an, sa ki pral pèmèt ou menm ak entesten ou refè pi vit epi geri pi vit.

**VINCENT OBSTETRICS &
GYNECOLOGY**

Savonnen ak Chlorhexidine

Li rekòmande pou w pran yon douch oswa benyen chak jou ak atansyon avèk pwodui savon Chlorhexidine yo bay la, jan yo endike pi ba a:

- Si yo te fè w teste pou STAPH epi ou pozitif, defere a enstriksyon biwo chirijen w la bay pou w sèvi ak savon Chlorhexidine ak pomad nen mupirocin. Doktè w ap fè w konnen si w bezwen plis tès.

Sèvi ak savon sa a pral ede prevni enfeksyon rive apre operasyon an. Evite raze bavant oswa zòn lenn ou.

Pa aplike poud, losyon, deyodoran, oswa pwodui pou cheve apre twazyèm douch la (sa vle di, jou operasyon ou a).

Pa sèvi ak savon sou tèt ou, nan figi ou, ak nan pati jenital ou.

Pa itilize si w fè alèji ak **chlorhexidine**. Si w fè alèji, pale ak doktè w pou w itilize yon savon anti-bakteri pito.

Enstriksyon pou benyen ak chlorhexidine:

- 1) Sèvi ak savon Chlorhexidine yo ba ou olye de savon regilye. Pa Sèvi Ak Tou De.
- 2) Chanpou/kondisyone cheve ou jan ou fè nòmalman anvan ou sèvi ak Chlorhexidine la.
- 3) Rense kò ou byen ak dlo.
- 4) Fèmen dlo a pou anpeche rense savon Chlorhexidine nan twò bonè.
- 5) Lave soti nan kou a anba. Fè atansyon espesyalman pou byen lave sit chirijikal operasyon w an. Asire w ou lave anndan lonbit ou – ou ka itilize yon aplikatè jan sa nesesè pou ede ak sa.
- 6) Lave kò w dousman pandan 5 minit.
- 7) Kite Chlorhexidine nan seche sou po ou pou 1 minit anvan ou rense l.
- 8) Ouvè dlo a, rense byen, epi seche ak yon sèvyèt pwòp.

**VINCENT OBSTETRICS &
GYNECOLOGY**

Pou pasyan KI PA GEN yon preparasyon entesten

Manje yon manje maten, manje midi, ak soupe ki byen balanse nan jou anvan operasyon an.

Li vrèman enpòtan pou ou pa manje okenn manje solid nan 8 èdtan anvan lè operasyon an kòmanse. Sa a minimize chans ou genyen pou konplikasyon anestezi an. Nou mande pou tout pasyan yo sispann manje a 10 pm nan aswè anvan operasyon w la. Tanpri PA vyole enstriksyon sa a.

Menm si ou pa manje solid, ou ka kontinye bwè likid klè jiska 2 èdtan anvan operasyon an. Yon likid klè se nenpòt likid ou ka wè atravè (Bwason ki gen lèt, ki enkli lèt ak yogout, ak ji zoranj yo **PA** likid klè.)

NOTE: Tanpri swiv enstriksyon sa yo ak anpil atansyon si ou konsome manje solid oswa likid ki pa klè pandan peryòd sa a, sa ka mete efikasite operasyon ou an danje epi afekte rekiperasyon ou. Anplis de sa, manje oswa bwè lèt nan lespas 8 èdta operasyon an jeneralman lakòz operasyon an anile.

**VINCENT OBSTETRICS &
GYNECOLOGY**

LIS TRAVAY POU PASYAN KI SAN YON PREPARASYON ENTESTEN

De Jou Anvan Operasyon An

Savon Chlorhexidine pou kò

*Si yo te teste ou pou STAPH epi ou pozitif, tanpri defere a enstriksyon kontwòl enfeksyon yo bay pou itilize savon Chlorhexidine ak pomad nen mupirocin nan. Doktè w ap fè w konnen si w bezwen plis tès.

Yon jou anvan operasyon an

Savon Chlorhexidine pou kò

OK pou manje dejene, manje midi, ak soupe

A 10 pm:

- ❖ **Sispann** manje tout manje solid oswa pwodwi letye
- ❖ **Sispann** moulen chiklèt epi sispann manje sirèt

Tanpri, Lè sa a, konsome LIKID KLÈ SELMAN - Gade Likid Klè ki otorize yo anba a
Si chirijyen ou a te ba ou enstriksyon espesifik sou rejim alimanter pou preparasyon pou operasyon/pwosedi w lan tankou, enstriksyon pou preparasyon entesten, tanpri swiv yo ak anpil atansyon.

Tanpri kontinye bwè likid klè pandan tout aswè a, rete idrate

PÈMÈT

DLO
JI (SAN MA)
Gatorade ® (pa wouj)
Te Nwa oswa Kafe Nwa (San Lèt/Krèm)

PA PÈMÈT

Manje Solid / Lèt / Yogout
Bwason ki fèt ak lèt (Smoothies) /
Krèm

**VINCENT OBSTETRICS &
GYNECOLOGY**

	Ji zoranj / Lèt soya Lèt zanmann/nwa
Anvan ou ale nan kabann:	Bwè 20 - 24 ons Gatorade® (pa wouj)
Jou operasyon an	
Savon Chlorhexidine pou kò	
Apati 4 èdtan anvan Operasyon an, ou ta dwe bwè 2 boutèy ki soti nan twous ou a yo te voye pa lapòs lakay ou oswa pa biwo chirijyen w lan. Ou dwe sispann bwè 2 èdtan anvan operasyon an.	
Bwè yon bwason idrat kabòn klè anvan operasyon an ede kò ou pi byen reponn a estrès operasyon an.	
Si w gen dyabèt, tanpri swiv rejim alimantè yo rekòmande ou epi pa konsome bwason idrat kabòn nan paske li ka ogmante sik nan san ou.	
Si ou blyie bwè likid klè, sa pa PWOBLÈM. Pa bwè anyen nan moman sa a, n ap ba w likid klè atravè yon ENTRAVENEZ lè w rive lopital la.	
Pa pipi anvan ou prezante w pou operasyon ou. Yo ka mande w pou w bay yon echantyon pipi si w gen mwens pase 55 an. (Yo p ap mande w pou yon echantyon pipi si ou te fè yon isterektomi ak/oswa si yo te retire twonp falòp ak òvè ou nan pase.)	

**VINCENT OBSTETRICS &
GYNECOLOGY**

Jou operasyon an (tout pasyan yo)

Lè w rive lopital la:

- **Pwosesis admisyon:** Tanpri antre pa pòt prensipal lopital la oswa antre Wang Ambulatory Care Center. Kontinye nan 3yèm etaj la nan bilding Wang. Ou pral anrejistre nan Sant Swen Operasyon (CPC). Yon fwa ou anrejistre, yon moun lyezon ap mennen ou nan zòn datant anvan-operasyon an.
- **Zòn anvan-operasyon:** Isit la ou pral rankontre plizyè manm nan ekip chirijikal la.
 - ❖ **Enfimyè:**
 - Yon enfimyè ki nan zòn anvan-operasyon an pral sèvi ak ti liv sa a avèk ou pou ede w prepare pou operasyon epi l ap revise eleman lis verifikasyon ou yo.
 - Enfimyè a pral mezire siy vital ou yo tou ak nivo sik la.
 - Ou pral rankontre enfimyè a ki pral nan sal operasyon an tou.
 - ❖ **Ekip anestezi a:**
 - Pral bay medikaman nan bouch pou ede anpeche doulè, kè plen ak vomisman.
 - Mete yon liy ENTRAVENEZ nan venn ou pou bay likid, medikaman oswa san ki nesesè pandan oswa apre operasyon an.
 - Revize opsyon pou jere doulè pandan ak apre operasyon an.
 - ❖ **Ekip chirijikal la:**
 - Diskite sou pwosedi w la epi reponn nenpòt kesyon oswa enkyetid.
 - Finalize fòm konsantman yo.

Anestezis la responsab pou pran swen siy vital ou yo (batman kè, tansyon, tanperati ak respirasyon), likid ak ranplasman san si sa nesesè, ansanm ak konfò jeneral ou, nivo doulè pandan ak apre operasyon ou.

**VINCENT OBSTETRICS &
GYNECOLOGY**

Lè w rive lopital la (kontinye):

Sal operasyon: Ekip la pral ede w sou tab sal operasyon an epi mete w alèz pandan y ap kontinye prepare w pou operasyon an.

- a. **Liy ENTRAVENEZ** – Yo ka mete yon lòt ENTRAVENEZ pou ede ak administrasyon medikaman yo ki nesesè pou operasyon an. Medikaman sa yo enkli antibiotik, medikaman pou doulè ak medikaman pou kè plen, elatriye.
- b. **Katetè pipi** - Yo pral mete yon katetè pipi nan blad pipi w pou drennaj pipi. Anjeneral yo retire katetè sa a nan sal operasyon an, anvan ou reveye. Si w ap fè yon operasyon ki pi konplèks, katetè a ka rete an plas pou jiska 72 èdtan. Okazyonèlman, katetè a ka rete pi lontan men sèlman nan sikonsans ki ra kote operasyon nan blad pipi rive.
- c. Yo pral ba w anestezi pou andòmi w.
- d. Ou ka resevwa yon anestezi epidiral tou oswa yon blokaj nè, pou ede jere doulè w pandan ak apre operasyon an. Anestezis ou a pral diskite avèk ou sou sa anvan operasyon an.

Pandan operasyon ou an, ekip ou a pap janm kite bò kote w.
Nan sal la nan tout tan gen chirijyen ou a, yon manm ekip anestezi a, yon teknisyen chirijikal ki pase enstriman, ak yon enfimyè. Nou tout la pou byen pran swen w.

**VINCENT OBSTETRICS &
GYNECOLOGY**

Apre operasyon an

Sal Rekiperasyon/ PACU

Lè operasyon ou a fini, ekip la pral transpòte w nan inite rekiperasyon apre anestezi (PACU). Gen anpil chans w ap toujou gen dòmi anpil ak dezoryante. Sa a nòmal epi ki sa gen rapò ak anestezi ou te resevwa pandan operasyon an. Li pral pran kèk tan pou efè medikaman sa yo fini nan kò w.

Ou pral pase omwen 2 èdtan nan sal rekiperasyon an sou siveyans apre operasyon an. Pandan tan sa a, ou ka atann pi fò nan bagay sa yo:

- ❖ Enfimyè yo k ap tcheké siy vital ou yo souvan - tansyon, batman kè, respirasyon ak tanperati, nivo sik nan san an ansanm ak blesi operasyon ou ak pansman ou.
- ❖ Ekip anestezi k ap tcheké nivo doulè ou.
- ❖ Ou ka gen yon anestezi epidiral an plas pou kontwòl doulè ak/oswa yon blokaj nè espesyal ki kouvri ensizyon chirijikal la.
- ❖ Yo kenbe ou sou oksijèn - swa nan nen ou oswa nan yon mask pou figi
- ❖ W ap atache a yon ENTRAVENEZ pou likid ak medikaman doulè

Yon fwa w fin etabli nan PACU a, 1-2 manm fanmi/zanmi ka gen dwa vizite pou yon ti tan. Lè ekip la santi ke ou estab epi doulè ou kontwole, ou pral transfere soti nan sal rekiperasyon an tounen nan CPC a (menm kote ou te anrejistre a) pou egzeyat, oswa pou kèk pasyan, nan chanm yo asiyen ou nan lopital la pou admisyon.


**VINCENT OBSTETRICS &
GYNECOLOGY**

Kontwòl Doulè

Bon kontwòl doulè se yon pati enpòtan nan pwosesis rekiperasyon an. Ou ta dwe atann pou rankontre kèk doulè apre operasyon. Pa gen okenn fason pou elimine doulè, men gen yon varyete fason pou ede jere doulè ou. Tanpri fè enfimyè w oswa doktè w konnen si w gen nenpòt doulè oswa malèz. Objektif nou se pou w gen yon nivo doulè 3 oswa mwens apre operasyon an (gade anba a)

Objektif nou se kenbe doulè ou nan yon nivo ki pèmèt ou dòmi ak repoze pi byen, respire pi fasil, kòmanse bouje byen vit apre operasyon an, kòmanse manje pi bonè. Sa a enpòtan paske li ede anpeche konplikasyon tankou boul nan san ak nemoni. Mache kapab itil tou pou fonksyon entesten an retounen, epi mete ou sou wout la pou rekiper.

Echèl Entansite Doulè



VINCENT OBSTETRICS & GYNECOLOGY

Aktivite apre operasyon: Kilè mwen ka kòmanse bouje, chita, ak mache?

Kou ou reveye ou ka kòmanse bouje, sepandan li pi bon pou toujou pwogrese lantman. Se poutèt sa, ou ta dwe kòmanse dabò ak kèk egzèsis janm debaz tankou ajite zòtèy ou, etann janm ou yo dwat epi fè pye ou yo vire. Fè sa yo pou kèk minit chak demi èdtan, epi sa pral ede w reprann ou pi bonè. Sispann fè sa si li lakòz doulè epi fè enfimyè w oswa doktè w konnen.

Evite mouvman ak kouche nan kabann pou yon peryòd pwolonje ka mennen konplikasyon tankou san kaye, maleng kabann ak feblès nan misk. Sa a pral anpeche rekiperasyon ou.

- **1-6 èdtan apre operasyon an:** Byento apre operasyon w la nou pral mande w pou w chita nan rebò kabann lan oswa yon chèz. Enfimyè w ap ede w, sitou premye fwa w ap leve. Pandan w ap vin pi alèt, yo pral mennen w nan CPC a (kote ou te rive okòmansman). La, ou pral chanje rad epi gen anpil chans pou ale lakay ou.
- **Nan jou apre operasyon an:** Kòmanse nan jou apre operasyon an, objektif la pral pou w soti nan kabann omwen 3 oswa 4 fwa pa jou epi fè pwomnad nan kay ou oswa nan koulwa a (si ou entène). Nou espere tou pou w chita sou yon chèz pou manje. Sa a enpòtan paske mache byen bonè ede anpeche boul nan san ak retounen fonksyon nòmal entesten an.

Apre operasyon an, entesten ou ka sispann bouje pou yon ti tan. Si sa rive, ou ka santi kè plen ak gonfleman epi li ka pwolonje rekiperasyon ou. Ou ka evite sa a pa mache souvan ak moulen chiklèt.

- **Egzèsis pou respire:** Li enpòtan pou kapab pran yon gwo souf apre operasyon an pou anpeche enfeksyon nan poumon. Pèsonèl enfimyè yo ap montre w kèk egzèsis pou respirasyon ki itil. Se yon bon konsèy tou pou pran kèk gwo souf

VINCENT OBSTETRICS & GYNECOLOGY

pandan chak repo komèsyal pandan w ap gade televizyon. Fè ti egzèsis respirasyon sa yo omwen 5-10 fwa pa è pandan w pa dòmi.

Rejim apre operasyon an: Kilè mwen ka kòmanse manje?

Avèk pwogram ERAS la, nou kapab avanse rejim alimanter ou a kòmanse menm jou operasyon an. Le pli vit ke ou reveye epi alèt nan PACU/sal rekiperasyon an yo pral otorize ou pran likid klè pa bouch.

1. Doktè w la pral deside ki lè li apwopriye pou pèmèt ou kòmanse bwè likid. Kòm yon règ jeneral, likid ENTRAVENEZ ou yo pral sispann nan 6 èdtan apre operasyon an oswa le pli vit ke ou ka tolere omwen 10 ons likid klè pa bouch.
2. Si w egzeyate lakay ou menm jou a, ou ka reprann rejim alimanter nòmal ou. Li vo kenbe nan tèt ou ke anpil fanm gen kè plen pandan y ap pran nakotik, kidonk si sa a se ka ou, tanpri manje souvan, ti repa olye ke ou fòse tèt ou manje gwo repa. Ou pa bezwen manje si ou santi ou plen oswa balonnen. Li pi enpòtan pou rete idrate ak likid.
3. Si yo admèt ou, rejim alimanter ou se selon diskresyon chirijyen ou a. Pifò pasyan yo pral resevwa yon meni konplè pou chwazi nan jou operasyon an. Anjeneral, li pi bon pou kòmanse ak yon bagay ki lejè, tankou pen griye, anvan ou avanse nan manje ki pi lou.
4. Doktè w la ka mande w tou pou w pote chiklèt lakay ou pou w moulen pandan 30 minit twa fwa pa jou apre operasyon w la. Sa ka ede trip ou tounen nan nòmal apre anestesi a.

**VINCENT OBSTETRICS &
GYNECOLOGY**

Katetè pipi: Kilè yo pral retire katetè pipi mwen an?

- Pou pifò pasyan yo, yo pral retire katetè w la nan sal operasyon an, anvan ou reveye de operasyon an.
- Pou operasyon ki pi konplèks, yo pral retire katetè w la nan demen maten.
- Trè raman, gen pwosedi radikal ki pral mande pou w ale lakay ou ak yon katetè pipi. Chirijyen w la ap fè w konnen si sa a aplike pou ou. Pasyan yo fè ase byen ak katetè lakay yo, si sa nesesè.

Yo pral retire katetè pipi a atravè yon bagay ki rele "esè ranpli epi vide". Enfimyè a pral mete yon kantite dlo sèl mezire nan blad pipi ou atravè yon kanal nan katetè a. Sa pa fè mal. Lè sa a, yo pral retire katetè a epi mande w fè pipi. Si ou ka pipi yon gwo pòsyon likid la, sa vle di blad pipi ou ap travay byen epi yo pa bezwen remete katetè a.

Yon fwa yo retire katetè pipi a, ou gen dwa ale nan twalèt la pou pipi. Ou ka espere li pran 6-8 èdtan anvan ou santi ou bezwen pipi, ki se nòmal.

Si w kite katetè a pi lontan pase sa nesesè, sa ka lakòz yon enfeksyon nan aparèy pipi a.

Sentòm yon enfeksyon nan aparèy pipi yo enkli:

Doulè ak pipi, Pipi souvan, Santi bezwen pou pipi malgre ou gen yon blad pipi vid, Lafyèv, ak doulè sou yon bò ou.

Fè enfimyè w la oswa doktè w konnen imedyatman si w santi nenpòt nan sentòm sa yo.

**VINCENT OBSTETRICS &
GYNECOLOGY**

Egzeyate de Lopital la

Kilè mwen ka ale lakay?

Pou w ka pare pou egzeyat lopital la, ou dwe fè tout bagay ki endike anba la a:

- Doulè byen kontwole ak medikaman pou doulè pa bouch
- Kapab pran ase likid pou rete idrate

Si doulè ou byen kontwole epi w ap bwè ase, yo pral egzeyate w lakay ou, petèt jou apre operasyon an. Sinon, yo pral obsève w nan lopital la jiskaske objektif sa yo reyalize.

Li **PA** obligatwa pou w pase gaz oswa fè poupou anvan w egzeyate.

Note: Tanpri planifye aranjman apwopriye pou transpò soti depi lopital la ak swen nan kay la. Pou nou ede pi gwo kantite pasyan yo, pou pasyan ki admèt, lè egzeyat se a 10:00 am. Si woulib ou a pa ka nan MGH nan moman sa a, tanpri pa enkyete w. Nou ka ede w pou ou konfòtab nan youn nan sal datant nou yo jiskaske yo ka rive.

Kisa k ap pase apre mwen fin ale lakay?

Nan 1ye jou apre egzeyat la, enfimyè chirijyen w la ap ba w yon apèl pou li tcheke pou wè kijan w ye.

Dokiman egzeyat ou a ap gen preskripsyon ou yo ladan, kijan pou w pran yo, bagay pou w veye, ak tout enfòmasyon kontak ki enpòtan yo. Si w gen yon kesyon pandan lè travay woutin yo, tanpri rele nimewo klinik yo bay la epi mande pou w pale ak yon enfimyè.

**VINCENT OBSTETRICS &
GYNECOLOGY**

Rapò patoloji yo retounen an jeneral 7-10 jou ouvrab apre operasyon ou an. Biwo a pral an kontak avèk ou sito nou gen bagay sa yo ak plan tretman ou an.

Menmsi nou konnen ke fè yon operasyon ka yon evènman ki bay estrès, nou onore pou nou se ekip swen w. Nou espere travay avèk ou pou fè operasyon ou a se pi bon eksperyans posib. Si w gen nenpòt enkyetid oswa kesyon apre w fin li liv sa a, tanpri kontakte biwo chirijyen w lan.